ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№108 (24.078) ● 2020 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 10, махуэку ● Тхъэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ республикэм и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта зи чэзу «муниципальнэ сыхьэт»

КІуэкІуэ Казбек Правительствэм и Унэм фокІадэм и 8-м щиригъэкІуэкІащ республикэм и щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм я унафэщІхэр зыхэта зи чэзу «муниципальнэ сыхьэт».

ЗЭІУЩІЭМ щыхэплъащ лъэпкъ проектхэм щІыналъэм ехьэлІауэ щыубзыхуахэр зэрызэфІагъэкІым, 2020 гъэм и щІышылэ - шыщхьэупЧ мазэхэм кърубыдэу щыпІэ біюджетхэр гъэзэщІа зэрыхъуам.

Лъэпкъ проектхэр КъБР-м и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я щІыналъэхэм щыгъэзэщІэным хуэунэтІауэ хъаутІыпщар (къэралымрэ республикэмрэ я біюджетхэм щыщу) 2020 гъэм нэхъыбэ хъуащ сом мелард пыкІуэм ЦІигуКІэ икІи ар сом мелард 1,7-м нэсащ. ФокІадэм и 7-м ирихьэлІэу абы щыщу къагъэсэбэпащ сом мелуан 834-рэ е илъэсым я мурадам и процент 48-р. Урысейм ику иту а бжыгъэр процент 47-м щынэблагъэу аращ. Къыхагъэщащ муниципальнэ зэгурыІуэныгъэхэр зэращІылІэныр щыгъуэ къызэрыхъур, къагъэлъэгуа мурадхэр зэфІагъэкІыным трагъэкІуэдэну ахъшэм къыхущІагъуным зэрыпэплъэм къыхэкІыу.

ЩІыналъэ администрацэхэм я унафэщІхэм захуигъаэри, КъБР-м и Іэтащхьэм къыхигъэщащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр игъэуа пІалъэм къитІэсэн зэрыхуейр: «Зы контракти къызэпадыныр къэбгъэхъу хьунукъым. Дэ къытхуаутІыпща ахъшэр къэдмыгъэсэбэпамэ, абы къикІыр социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ проект тхуэмыгъэзэщІауэ, социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іэзэу гуэр тхуэзэфІэмыгъэкІауэ аращ. Абы и зэран цІыхухэм ёокІ», - жиІащ КІуэкІуэ К. В. икІи муниципалитетхэм я Іэтащхьэхэр къыхуриджащ я лэжьыгъэр щІагъэхуэбжьэну, гулъытэ нэхъыбэ хуащІу, жэуаплыныгъэр зыхащІэу а Іэхуэм бгъэдыхьэну.

Зэхуэсым апхуэдэу щызэпкърахащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэхущ1апІэхэр бжьыхьэщІымахуэ лъэхъэнэм зэрылэжьэнум хуэгъэхьэзырныр зэрекІуэкІыр.

КъБР-м Хъуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм къызэритамкІэ, щІыналъэм къат куэду зэтет и унэхэр, узыншагъэр хьумэн, егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм хыхьэ Іэхущ1апІэхэр 2020 - 2021 бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм проценти 100-кІэ хуэхъэзырц, унэхэр къызэрагъэхуабэ хьэкуэм я процент 93,3-р лэжьыгъэм хуэгъэпсащ. ПсэупІэ фондыр 2020 - 2021 бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэщІам щыхьэт текъуэ паспортхэр щыпІэ администрацэхэм я унафэщІхэм Іэ щІадзри, министерствэм хуагъэхьакІэщ.

Унэхэр къызэрагъэхуабэ бжьамийхэм 2020 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м и пэ къихуэу псы ирагъэхъуэн хуейщ. Унэхэр хуабжэкІ къызэзыгъэпэщ Іэхущ1апІэхэм къаІэн щащІащ жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщІадзауэ гъэпІъыгъуэ лъэхъэнэр къасыху хьэкуэхэр пагъанэуэрэ абыхэм я лэжьэкІэр къапщытэну, муниципальнэ щІыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я администрацэхэм хуагъэуващ къыхьэкІэ къызэрымыкІуэхэм я Іэужьхэр гъэзэкІуэжьным епха ІэнатІэхэр жэщ-махуэ ямыІэу лэжьэныр къызэрагъэпэщыну.

КІуэкІуэ Казбек КъБР-м Хъуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм пщэрыпІэ щищІащ а Іэхуэм зэпымыууэ и нэІэ тригъэтыну.

Зытепсэлъыхьэхэм ятеухуауэ зэІущІэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков А. Т., республикэм финансэмкІэ и министр Лисун Е. А., КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министр Бэрбэч А. Хь. сымэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Коронавирус узыфэм КъБР-м зыщемыгъэубгъуным хуэгъэпса Оперативнэ штабыр мэлажьэ

КІуэкІуэ Казбек видеоконференц мардэм тету фокІадэм и 8-м иригъэкІуэкІащ коронавирус уз зэрыщІалэм КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм зыщемыгъэубгъуным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр къызэрызэрагъэпэщыжьрэ а узыфэм зэрыпэщІэтымрэ теухуа Іуэхуэхэр зэкІэлъызыгъакІуэ Оперативнэ штабым и зэІущІэр.

АБы щыхэплъащ щІыналъэм мы зэманым щыщыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм, КъБР-м и медицинэ Іэхущ1апІэхэм я лэжьэкІэм, апхуэдэуи «Роспотребнадзор»-м кІигъэуВ мардэхэр республикэм и егъэджэныгъэ Іэхущ1апІэхэм зэрыщагъэзэщІам.

КъБР-м щыІэ санитар дохутыр нэхъыщхьэ Пагуэ Жыраслъэн зэрыжиІамкІэ, щытыкІэр щІыналъэм зэпІэзэрыту къыщонэж, нэхъыкІэ хъуркъым, зэуэ куэдым а узыфэр кьеуалІэркъым. Іэхущ1апІэ зэхуэщІам щылажьэхэм узыфэр къапкърыхьакъым. А псом кьадэкІуэу, коронавирусыр зэуэлІаХэм, сымаджэщым щІэмылъу зи тхьэмбылыр уз хъуахэм я бжыгъэм мащІэу къыхэхъуащ.

COVID-19-р къапкърыхьауэ фокІадэм и 8-м ирихьэлІэу къахутахэм я бжыгъэр щІыху 6757-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 6512-р хъужащ, а узыфэм щІыху 79-рэ илІыкІащ. Тест къэпщытэныгъэу псори зэхэту мини 156-м щІигъу ирагъэкІуэкІащ. Госпиталхэм сымаджэ 536-м щоІэзэ, абыхэм ящыщу 27-р реанимацэм щІэлъщ. Узыфэр зэуэлІахэм я процент 13-м ар кьаэзерефыкІым и нэщэнэхэр мыкІэІащэу ягъкІрокІ, къемыкьэлъэкІыу процент 49,3-м ящыхьэщокІ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и медицинэ Іэхущ1апІэхэр COVID-19-м зыщІэбгъуа лъэхъэнэм зэрылажьэм и гугъу ищІу къэпсэльащ КъБР-м и узыншагъэр хьумэныкІэ и министр Къалэбатэ Рустам. Министрым жиІащ коронавирус зыпкърытхэр щагъэхъужу республикэм госпиталу щы зэрыщыІэр, сымаджэщхэм псори зэхэту гъэзэлъпІэ 662-рэ зэрыщІэтыр, абыхэм ящыщу 481-м цІыхур кислородкІэ зэрагъэбауэ Іэмэпсымэхэр зэрешэлІар. Пыхуэсым е респираторнэ вирус узыфэ зэрыщІалэм игъэсымаджэжьр зэуэ куэд дыдэ хъууэ хуежьэмэ, Іэмалхэр щыІэщ узыфэ зэрыщІалэхэр зыпкърытхэм щеІэзэ, гъуэлъпІэ 1037-рэ зыщІэтыну медицинэ Іэхущ1апІэхэр къызэІухынымкІэ. Узыфэ зэрыщІалэ шынагъуэхэм щапэщІэт госпиталхэм мы зэманым щыІэщ дохутыр 98-рэ, курыт, нэхъыщІэ медицинэ лэжьакІуэу 197-рэ.

КъБР-м щыхуэхэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІэхуэхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Езауэ Анзор къыщыпсалъэм къыхигъэщащ республикэм курыт щІэныгъэ щрагъэгъуэт и Іэхущ1апІэ псори мы зэманым махуэрыедж мардэм зэрытетыр, нэхъапэм зэрызэхальхьам ипкъ иткІэ, дерсхэм щыщІадзэ зэманыр зэщхьэщыгъэсыгъуэтауэ ахэр зэрылажьэр, сабийхэр щагъашхэ зэманри абы къыхэлъытауэ зэрыщытыр.

Урысейм ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ и министерствэм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэр къагъэсэбэпурэ кІэлъполІ егъэджэныгъэ Іэхущ1апІэхэм узыфэ зэрыщІалэхэм зыщемыгъэубгъунымкІэ щыІэ Іэмалхэм. Коронавирусым, пыхуэсыхум е ОРЗ-м зэрызиубгъуам къыхэкІыу школхэр, классхэр щызэхуащІа къэхуакъым мы зэманым ирилъэлІэу. «Роспотребнадзор»-м къызэриІуэрым тету, егъэджэныгъэ Іэхущ1апІэхэм пщэдджьжь къэс цІыхум и пщтырагъыр къыщапщ, класс къэс езым пэш щхьэхуэ егъэбыдыІащ. Дерсхэр щрагъэкІуэкІ, ахэр щызэпагъэу зэманхэр зэтемыхуэу, класс къэс сыхьэт бжыгъэ хэхам тету ирагъаджэ, сабийхэм зыщагъэпэсэху, ахэр щеджэ пэшхэм жьы кьабзэ щызэпрагъэху.

КъБР-м и Іэтащхьэм Оперативнэ штабым хэтхэм защыхуигъаэзм жиІащ мардэ пыухыкІэкІэр щІэбгъэувын щхьэусыгъуэ нобэм ирихьэлІэу зэрыщымыІэр. Апхуэдэу щытми, эпидемиологие щытыкІэр къэлъытауэ, «Роспотребнадзор»-м и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и чэнджэщхэм тету, КІуэкІуэ Казбек КъБР-м и властым и гъэзэщІакІуэ органхэм, щыпІэ унафэр зегъэкІуэныкІэ органхэм я унафэщІхэм пщэрыпІэ ящищІащ санитар мардэхэм кьагъэувхэм тетын зэрыхуейр цІыхухэм ягурыгъэІуэным, абыхэм я узыншагъэр яхьумэжьным кьыхуеджэным хуэунэтІа лэжьыгъэхэр щІагъэхуэбжьэну, ахэр гъэзэщІэныкІи защІэгъэкъуэныр; республикэм Іэхху щызэщІэ субъектхэм, щІэныгъэ, Іэхуэгъуэщ1эхэр кьыхэлъхьэным хуэгъэпса Іэхущ1апІэхэм заужьын папщІэ ахэр щІэныгъэ-техникэ ІэнатІэм дзей щызэхуэхъуэныкІэ защІэгъэкъуэныр; технологие лъагэхэр, щІэныгъэ къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ ІэнатІэхэм проектхэр къыщыхэхыным, щыпхырыгъэкІыным хуэунэтІауэ зэдзэлажьэныр; щІэныгъэ-педагогикэ, унафэщІ кадрхэр щІэныгъэмрэ инноваци эмкІэ ІэнатІэхэм папщІэ гъэхьэзырыныр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Москва Іэ щытрадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек дыгуасэ Москва щыхуэзащ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академием и президент Сергеев Александр.

ЗЭІУЩІЭР теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ РАН-мрэ къэралым и щІэныгъэ-техникэ зыужьыныгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэм хуэщхьэпэну проектхэр гъэхьэзырыныр зэхэт гъэзэщІэныр я лъэныкъуэкІэ адэкІи зэрызэдэлажьэну щыкІэм, апхуэдэуи РАН-м и Илщэ центрым и Іуэхущафэхэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ щыІэ Іэмалхэм.

Лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ зэІущІахэм Іэ традзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Урысейм щІэныгъэхэмкІэ и академиемрэ зэрызэдэлажьэнум теухуа зэгурыІуэныгъэм.

Дэфтэрым щыубзыхуащ РАН-мрэ КъБР-м и Правительствэмрэ щІэныгъэ, щІэныгъэ-техникэ и лъэныкъуэкІи, Іуэхущ1эхэр кьыхэлъхьэным ехьэлІа унэтІныгъэхэми зэрыщызэдэлажьэну щыкІэр, а ІэнатІэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыцІыжьным щІэгъэкъуэн хуэхъуну Іуэхуэхэр.

Зэгъуэсу зэфІагъэкІыну лэжьыгъэм и унэтІныгъэ нэхъыщхьэхэу кьагъэлъэгъуащ - щІэныгъэ, щІэныгъэ-техникэпрограммэхэм кьыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэныр; щІэныгъэ, Іуэхуэгъуэщ1эхэр кьыхэлъхьэным елэжь Іуэхущ1апІэхэр КъБР-м и экономикэм кьыхэущхьэпэну Іуэхуэхэм къыхэщэным сэбэп хуэхъуну проектхэр зэхалъхьэныр, ахэр гъэзэщІэныкІи защІэгъэкъуэныр; республикэм Іуэху щызэщІэ субъектхэм, щІэныгъэ, Іуэхуэгъуэщ1эхэр кьыхэлъхьэным хуэгъэпса Іуэхущ1апІэхэм заужьын папщІэ ахэр щІэныгъэ-техникэ ІэнатІэм дзей щызэхуэхъуэныкІэ защІэгъэкъуэныр; технологие лъагэхэр, щІэныгъэ къэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ ІэнатІэхэм проектхэр кьыщыхэхыным, щыпхырыгъэкІыным хуэунэтІауэ зэдзэлажьэныр; щІэныгъэ-педагогикэ, унафэщІ кадрхэр щІэныгъэмрэ инноваци эмкІэ ІэнатІэхэм папщІэ гъэхьэзырыныр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Уф-м и Правительствэм фокІадэм ахъшэ яритынущ сабий зиІэ лэжьапІэншэхэм

Іэнатіэншэу къалъытахэм балигъ мыхъуауэ яІэ сабий къэхуэзу сом мин щырыщ дызэрыт илъэсым и фокІадэ мазэм иратыну унафэ къыщІащ Урысейм и Правительствэм.

АХЪШЭР хущІагъунущ лэжьапІэ зэрамыІэм къыхэкІыу адэ-анэм ират пособием. Абы теухуа унафэм Іэ щІадзащ икІи Правительствэм и сайтым къралъхьащ.

ЗэраубзыхуамкІэ, а дэлэпкъуныгъэр ялъысынущ щыІэ хабзэм тету лэжьапІэншэу къалъыта, зи ныбжьыр илъэс 18 иримыкъуа сабийхэр зыпІ щыху мелуани 2,8-м.

Унафэр гъэзэщІэным трагъэкІуэдэну ахъшэр - сом мелардри 8,5-р - къэралым бюджетым къахуиутІыпщынущ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Іэ тедзэгъуэм щІедзэ

Пщіэ зыхуэтщІ щІэдзыкІакІуэхэ!

2020 гъэм фокІадэм и 1-м щІидзауэ йокІуэкІ 2021 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр.

НЭХЪ фыдзэыхьэх, фІыуэ фЛъагъу къыдэкІыгъуэхэм Іэ щытевдзэ хъунущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм, почтамтхэм е podpiska.pochta.ru. сайтым.

Іэ зытевдза газетхэр, журналхэр и чэзум фи унэхэм ныфхуэтхьыну е пощт къудамэхэм (фэ фыщыхуейм деж) щывэттыжьыну къалэн зыщыдощІыжьк.

КъыдэкІыгъуэхэ Іэ тедзэным теуха фи упщІэхэм жэуап къратыфынущ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ къудамэхэм я лэжьакІуэхэм.

Іэ тедзэным феужьэрэкІыну, а Іуэхур иужь дыдэ махуэхэм нэмыгъэсыну фыкъыхудоджэ.

«Адыгэ псалъэр» зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мазі 6-м ди газетым и уасэр сом 728-рэ кІэлейкІэ 76-рэщ.

Ди индексыр П 5894.

КъБР-м пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и федеральнэ управленэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

ФокІадэм и 10, *махуэку*

♦ЦІыхум зиуКІыжыныр къэмыгъэхъуным и дунейпсо махуэщ

♦Китайм щагъэлъапІэ егъэджакІуэм и махуэр

♦1492 гъэм Урысейм и унафэщІ Иван Ещанэм Илъэсыщ1эр щагъэлъапІэ пІалъэр игъэІэпэхьуауэ щытащ. Абы и унафэкІэ ар гъатхэпэм и 1-м ирахри, фокІадэм и 1-м яхьауэ щытащ.

♦1721 гъэм Урысеймрэ Швециемрэ илъэс 21-кІэ ирагъэкІуэкІа Ищхъэрэ зауэр ирухащ.

♦1725 гъэм Невский Александр и орденыр къащтащ.

♦1756 гъэм Санкт-Петербург Урыс театр къыщыщ1эрагъэпэщащ. Иджы ар драмэмкІэ Урысей къэрал академие театрыщ, Пушкин Александр и цІэр зезыхьэрщ.

♦1940 гъэм СССР-м паспортхэр тыным теуха унафэ къыщащтащ.

♦1943 гъэм советыдзэхэм Украинэм хыхьэ Мариуполь къалэр фашистхэм къыІэщІагъэкІыжащ.

♦1960 гъэм Багдад щекІуэкІ конференцым къыщызэрагъэпэщащ щІыдагъэ зыщэ къралхэм я зэгухьэныгъэр – ОПЕК-р.

♦1984 гъэм инджылыз генетик Джеффриз Алек ДНК-м и гъэщІэгъуэнагъыр къихутащ. ІэпапІэхэми ещхьу, зи ДНК-хэр зэщхъ цІыхуитІ дунейм теткъым.

♦1984 гъэм шахматхэмкІэ дунейм и чемпион хъунур зэхагъэкІын папщІэ джэгун щІадзащ Карпов Анатолийрэ Каспаров Гаррирэ. А зэпеуэр шахматхэм я тхыдэм щынэхъ кІыхь дыдэ хъуат - мазитхуи щІигъкІэ екІуэкІат.

♦КъБР-м и цІыхубэ усакІуэ, тхакІуэ, драматург **Щоджэнцыкіу Іэдэм** къызэралъхъуа илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, АКЪУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыпхь зиІэ и лэжьакІуэ **Бажэнэ Мурат** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессору щыта **КІэнщІэлий Лиуан** къызэралъхъуэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦УФ-м щыпхь зиІэ и юрист, нагъыщэ нэхъыщхьэ зиІэ хеящІэ **Къунаш Адэлбий** къызэралъхъуэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ егъэджакІуэ, КъБР-м щыпхь зиІэ и егъэджакІуэ **Къаншыкъуей Риммэ** къыщыщ1ахьуэ махуэщ.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, политик **Сэхъу Владимир** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Костолевский Игорь** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦«Адыгэ макъ» газетым и обозреватель **ЕмтІылъ Нурбий** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УэрэджыкІуэ, актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артистка **Долинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист цІэрыІуэ, теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ **Караулов Андрей** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налпшык пшэр текъэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 24 - 25-рэ, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

ФокІадэм и 11, *мэрем*

♦Фадэ емыфэным и Урысейпсо махуэщ

♦Урысей Федерацэм Іэщ1экІэ Зэщ1эуэзда и Къарухэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ я Іэщ1агъэлІхэм я махуэщ

♦Урысей МВД-м Іэпхъуэшапхъуэ Іуэхуэхэмкіэ и къудамэхэм я махуэщ

♦США-м щагъэлъапІэ Хэкупсэм и махуэр

♦Аргентинэм и егъэджакІуэм и махуэщ

♦1812 гъэм Алясскэм япэу итІысхьащ урыс лъэпкъым щыщ гупэкр - Форт Росс зыфІаща щыналъэр къэунэхуащ.

♦1882 гъэм Москва къыщызэІуахащ Урысейм щыяпэ уней театрыр.

♦1912 гъэм Москва къыщызэІуахащ «Бородино зауэзэрыпІыр» панорамэр - а зэпэщІэтыныгъэ гуащІэр уи нэгу къыщІэзыгъэувжьыр. 1812 гъэм екІуэкІа Хэку зауэр илъэсищэ щыркъум ирихьэлІэу ар ирагъэщІащ сурэтыщІ Рубо Франц.

♦1918 гъэм Урысейм и ЦІыхубэ комиссархэм я советым унафэ къыщІащ къэралыр дуней пор зытет мардэхэм – бгъуагъ-кІыхьагъыр, хьэлъагъыр, н.къ. къызэралъытэ пщалъэхэм - зэрытехьэм теухуауэ.

♦1943 гъэм Къуэныкъуей Назир дзэ къаІэн иІэу япэ дыдэу уэгум ихьащ икІи япэ нэмыцэ къхъулъатэр кьриудыхащ, абы папщІи генерал Савицкэм япэ орденыр къратащ.

♦1961 гъэм къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыхъуреихь щыуэпсыр хьумэным и дунейпсо фондыр.

♦1973 гъэм Чилим Іэщэ къагъэсэбэпу щрагъэкІуэкІа зэхъуэкІныгъэхэм яужькІэ властыр Іэщ1ыхьащ дзэ хунтэм, генерал Пиночет Аугусто зи пашэм.

♦2000 гъэм Осетие Ищхъэрэм и Правительствэм унафэ къыщІащ Кавказым и ищхъэрэм ящыщ щыи «Курск» фІэщыным теухуауэ. Баренцевэ тенджызым 2000 гъэм щыщхьэуІуэм и 12-м щыщІилъэфа псыщІагъырыкІуэ къхъуэным исахэм я фэепльыр апхуэдэ щыкІэкІэ гъэлъэпІэным щІэлъэІуар а бгым япэу дэкІа альпинистийр.

♦2001 гъэм дунейм щынэхъ ин дыдэ теракт щалэжьащ США-м и Нью-Йорк къалэм. Дэтхэнэри къати 110-рэ хъууэ зэбгъуряту абы дэт унэшхуитІым, Дунейпсо Сату Центрым игъэлажьэм, щІэпхъаджащІэхэм зэрагъакІуэ кхъулъатитІ еуащ. А гуэзвэгъуэм цІыху минищым щІигъу хэкІуэдат.

♦2015 гъэм хьэлъэ къызэраІэт кран техуащ Сауд Хьэрэпым и Мэчэ къалэм дэт Аль-Хьэрэм мэжджытым. Абы щыгъуэ цІыхуи 107-рэ хэкІуэдат.

♦Америкэм щыщ тхакІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо литературэм и классик **О' Генри** къызэралъхъуэ илъэси 158-рэ ирокъу.

♦Совет къэрал лэжьакІуэ, ВЧК-м и къызэрэпэщакІуэ **Дзержинский Феликс** къызэралъхъуэ илъэси 143-рэ ирокъу.

♦Совет кинорежиссёр, тхакІуэ, драматург, УФ-м и цІыхубэ артист **Довженкэ Александр** къызэралъхъуэ илъэси 126-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м и цІыхубэ артист, УФ-м щыхь зиІэ и артист **Дашу Хьэшыр** къызэралъхъуэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, авиацэм и генерал-полковник, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Титов Герман** къызэралъхъуэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦СССР-ми КъБР-ми я цІыхубэ артист, жылагъуэ лэжьакІуэу щыта **Кобзон Иосиф** къызэралъхъуэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КъБКъУ-м и ректор, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, РАЕН-м и академик **Альтуд Юрий** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Добронравов Фёдор** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ къэрал къулыкъущІэ, 2000 гъэ лъандзрэ абы и президент **Хафез ал-Асад Башар** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Генерал-майор, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и Следственнэ комитетым и лэжьакІуэ **Хъэжмусэ Руслан** и ныбжьыр илъэс 50 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр текъэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 – 27-рэ, жэщым градус 16 – 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ДЖАТОКЪУЭ Марьянэщ.**

Лъэпкъ Іуащ1ыгъэ:

Псэлъэрейм едэІуэгъуейщ.

● Къэрал гулъытэ

Пщіэншэу хущхьэхэр зратын хуей сымаджэхэм зыщІагъэкъуэн папщІэ КъБР-м къыхуутІыпщынущ сом мелуанищым щІигъу

Хущхьэхэр, медицинэ Іэмэпсымэхэр, я хущхьэгъэуэ зыхэлъ ресскъыхэкІхэр льготэхэр зиІэ сымаджэхэм кьахуэщэхуным трагъэкІуэдэнущ сом мелуан 988-м щІигъу.

АБы ТЕУХУА унафэм Іэ щІидзащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мишустин Михаил. А къагъэлъэгуахэм трагъэкІуэдэн папщІэ ахэр ящІ ныбжьыр дызэрыт илъэсыщ1эр ЦІыхухэм я ныбжьыр зэрыдэлъэныгъэ ягъуэтынущ ныкъуэдыкъуэхэм, абыхэм Хэку зауэшхуэм щылІахэри, зи узыншагъэр зэкІэлъымыкІуэ сабийхэри, Чернобыль къыщыхъуа насыпыншагъэм фэбжь хэзыхахэри яхэту.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Интервью

Гугъэ мыушэ щыIэкъым

И лэ игъэр къеIэтыж, жаIэ адыгэхэм, Iузхум псэ хэзыльхьажхэм папщIэ. Льэпкъым и щIэжьым зыкъыщIихьэ лъхьэнэм ирихьэлIэу къэхъеи Курджы-Абхъаз зауэм хэта щIалэхэм лIыгъэм, къуэшыгъэм, напэм я уасэр зыхуэдизыр зэрыпсэмыблажьмкIэ къагъэлъэгьуат, а псор цIыхугъэм и пкъощIэсэу зэрыщытри цIыхум я фIэщ ящыжат. Зи лIыгъэ щIагъэ зыущэхуа куэдым, фIы зыщIэу псым хэзыдзэжа ди лъэпкъэгъуэм я къэгъэтыным, я цIэр фIыкIэ иджыри зэ къиIуэным, лъытэным хуэгъэзат Курджы-Абхъаз зауэм хэта щIалэхэм я зэгухьэныгъэм иужьрей лъэхъэнэм иригъэкIуэкI Iуэхугъэхэр. Зауэм абхъазхэм текIуэныгъэр хъыззрыщахьрэ илъэс 25-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIа медалыр зейхэм зэрыратыжым Курджы-Абхъаз зауэм и ветеран, пащтыхь Лиуэм ЕтIуанэм и цIэр зэхьхэ дамыгъэр зыхуагъэфэща, зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ ЩэрдэнТимур Зеикъуэ къуажэм дыщепсэльащ.

Зеикъуэ къуажэм щагъэлъапIэ Абхъазым щызэуа Жылау Чэмал и къуэ Арсен.

- Тимур, медалыр зейхэм етыжьныр хэмыкIэсауэ пIэрэт?

- Дэ ди гугъащ едгъэкIуэкIа зэIущIэхэм я Iэщхьэ IуIэкIэжу фIыщIэтыжь пшыхьышхуэз зэхуэтшэсу Iетауэ Налшык къалэ щедгъэкIуэкIыну. АрщхьэкIэ дунейр зэщIэзыубыда узыфэм и зэранкIэ тхуемыгъэкIуэкIыжу къэнэжащ. Iузхур апхуэдэу зэхуэныа хъуа щхьэкIэ, дэ дыкъэувыIэ хъунутэкъыми, медалхэр зыIэрыдгъэхьэжьи хуейхэр къэдгъэутым, я унагъуэкIэ зыщыпсэур ящхуэдэгуэшэжу едгъэжьащ. Ди Iузхур кIыхьлIыхь зыщIар мыпхуэдэ медалхэр зэтыжьи хуейхэм щыщу цIыхуи 100-м нэблагъэр дымыцIыхуу, зыщыпсэур дымыщIэу къыззэрыщIэкIаращ.

Ар гъэщIэгъуэнкъым, сыту жыIэмэ, щIалэр зэуаплэм Iухьащ, зы зэуэгъуэ ирихьэкIри, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыжьхIыу и унэ игъэзэжащ, зэрихьа лIыгъэм и хъыбарри хэIущIыIу имыщIыщу и щхьэ Iуэху зэрихузу ежьэжащ. Зэрахьа лIыгъэм темыпсэльыжьу я пщIантIэ дэтIысхьэжахэр къыдогъэтыж, фIыщIэ тхылъэр щыгъуу медалхэр ядотыж. Медалыр пхъэнтэдэлъ пщIы хъунукъым, ар къэзылэжьам Iэмалыншэу Iэрыгъэхьэжьи хуейщ.

Кьынэмыщ1ауэ, Текiуэныгъэр абхъазхэм къыззэрахьри илъэс 25-рэ ирикъуа нэхужьщ ар гуэшын щыщIадзар. Дапхуэдэу щымытми, ар ди деж къэсыхукIэ цIыху 12 дунейм ехьжащ. Псэу щыкIэ я1ярымихьэжами, ар зейм и Iыхьлыхям я дежкIэ апхуэдэ гулъытэр куэд и уасэщ. Абхъазм я адэ-анэхэм, къыдалъхуахэм, я бынхэм медалыр щеттыжьым деж гуфIэнэпсу щIагъэкIым длэжьым и пщIэр зэрымыцIыкIур зыхьдегъащIэ. ДэркIэ Iэджв и уасэщ «фщыгъупщакъым», «фигу илъщ» жаIэу дигу кьыззэрыдрашейр.

- Тимур, зэрыжьыпIащи, мы Iуэхугъуэр къэрал унафэкIэ къежьа хъуащ. Фэ зэвгъэуIужа списокым къызэщIиубыдэр Iэщэ иIыгъыу зэуапIэм Iухьа къудейхэра хьэмэрэ мащIэ зи куэда Абхъазым щекIуэкIа зауэм зыгуэркIэ зыщIэзэшIэгъэкъуа, зи псалъэ щызыгъэIуа, сом хэзылъхьа, хущхъуэ, ерыскъы яхуэзыгъэшаэри хиубыдэрэ?

- Пэжу гу лъыптащ, Мурат. Iэщэ зыIыгъыу зауэм хэтахэр дэркIэ къэгъэтыгъуейкъым, ауэ, зы зэуэгъуэ ирихьэкIыу и унэ кIуэжахэр, зи гугъу пщIауэ, гугъуехь хэхуа абхъаз цIыхухэм ядэIэпыкъуахэр, щтапIэ ихьэжу зэбгрыкIахэр зи унэ щIэзыгъэсаэхэри, шхынрэ хущхъуэкIэ я нэIэ тету къекIуэкIаХэри а списокым хэлъыта хъащ. Ахэр гугъу зыдехьа цIыхухэм, дауи, кьыхуащIахэр ящыгъупщакъым. ФIыщIэхуэщIэуи мо списокыр щызэрагъэпэщым храгъэтхащ. Абхъазым сэ къисшыжа медалхэм нэхърэ фIыуэ нэхъыбэт списокым ит бжьыгъэр зэрыхъуу щытар. Ауэ ди зэхуакум зэпыщIэныгъэхэр дэпIащ, куэд зэкIэпIуэкIуэри, Абхъазым кIуэм кьыздишэжми, кьакIуэхэм кьыздахьыжми, нобэ дэ кьытхуэнам хуэдизщ щыIэжыр. Арыххэуи мы списокым дэIэпыкъуэгъу, щIэгъэкъуэн хъуахэри зэщIа.

- Дауэ къащыхъурэ фызыхьхьэхэм мы Iуэхугъуэр?

- ПщIэрэ, Мурат, дэнэ дымыкIуами, ди зэIущIэхэм щIалэгъуалэ кьрохьэлIэ. Ди ужькIэ къэнэну ныбжьыщIэхэр ди IуэхущIафэхэм щыгъуазэу, ар щапхъэ яхуэхьуу щытыныр зауэм хэтахэм псоми ди хъуэпсапIэщ. Дэнэ щIыпIэ дымыкIуами, Абхъазым щекIуэкIа лъыгъэжьм ехьэлIауэ трахаурэ щыта кинофильм кIэщIхэр ягъэлъэгъащ, щIалэгъуалэм уэрэдхэр, усэхэр жаIащ, зауэм хэтахэм я гукъэкIыжхэмкIэ щIэблэм дэгуэшащ. Псалъэм хэдгъэуIащ. Абхъазым я адэ-анэхэм, я бынхэм медалыр щеттыжьым деж гуфIэнэпсу щIагъэкIым длэжьым и пщIэр зэрымыцIыкIур зыхьдегъащIэ. ДэркIэ Iэджв и уасэщ «фщыгъупщакъым», «фигу илъщ» жаIэу дигу кьыззэрыдрашейр.

- Тимур, зэрыжьыпIащи, мы Iуэхугъуэр къэрал унафэкIэ къежьа хъуащ. Фэ зэвгъэуIужа списокым къызэщIиубыдэр Iэщэ иIыгъыу зэуапIэм Iухьа къудейхэра хьэмэрэ мащIэ зи куэда Абхъазым щекIуэкIа зауэм зыгуэркIэ зыщIэзэшIэгъэкъуа, зи псалъэ щызыгъэIуа, сом хэзылъхьа, хущхъуэ, ерыскъы яхуэзыгъэшаэрри хиубыдэрэ?

- Зэхуэсым кьрагъэблагъа ныбжьыщIэхэм зэфIаха лэжьыгъэфIым папщIэ фIыщIэ яхуищIа нэужь, Хэкакiуэ комиссэм и секретарым абыхэм яритащ зи пашэ IэнатIэм, УФ-м и Хэкакiуэ комиссэм кьабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. Апхуэдэу КъБР-м и Хэкакiуэ комиссэм и фIыщIэ тхылъ зратахэм ящыщщ КъБР-м волонтёр зэщIэхъеенныгъэм зегъэужьныныкъуэсаныгъэншэу щекIуэкIащ.

- Iузхур кьызыхуэтыншэу зэфIэха зэрызхъуам я фIыгъэшхуэ хэлъщ ди республикэм и волонтёр щIалэгъуалэм. НыбжьыщIэхэр жыджэру, жэуапIныныгъэр зыхащIу зы хущ сыт хуэдэ лэжьыгъэмэ. Си гуапэщ дзыхь зыхуэпщI хуэ щIалэгъуалэ ди щIыналъэм кьызэрагъэтаджэр, - кьыхихгъэщащ Беспалов.

«КъБАССР-м гъуаздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэхэр, «ЩIыхь дамыгъэ» орденыр зыхуагъэфэща артист икIи пшынауэ Iэзэ, республикэм и щэнхабзэмрэ гъуаздджэмрэ я лъабжьэр зыгъэтIылъа хэм, а унэтIыныгъэхэм хэлъхьэныгъэфI хуэзыщIахэм ящыщ Къэжэр Индрис Прималкэ районым хыхьэ Алтуд къуажэм 1895 гъэм фокIадэм и 5-м къыщалъхуащ.

ПащIтыхьым и зэман бзаджэм зэрыхиубыдамрэ кьыззэрыгъэкI мэкъумэщышIэ унагъуэ кьыззэрыхэкIамрэ Индрис Iэмал кьратакъым щIэныгъэ зригъэгъуэтыну. Ауэ, абы и гъащIэм мыхьэнэшхуэ щиIащ икIи куэдкIэ кьыхуэщхьэпащ абы и зэхэщIыкIым зыгуэркIэ зригъэужьын мурадкIэ и адэ Мыхьэмэт кьыхуищхуа пшынэм.

Пасэу пшынэр Iэпэгъу зыхуэхъуа Индрис и гурыхуагъэм и фIыгъэкIэ пшынауэ Iэзэ хъуащ. И цIэмрэ и зэфIэкIымрэ хэIущIыIу щыхъум, я кьуажэм кьыдэкIыгъу нэгъуащI жылэхэми щекIуэкI хьэгъуэлIыгъуэхэр, гуфIэгъуэ зэхьхьэхэр игъэдэхэну щIалэр ирагъэблагъэу щIадзащ. Абыхэм щIэзэхих уэрэдхэмрэ кьафэхэмрэ гукIэ зригъащIэуэ и пшынэм кьригъэкIырт, языныкъуэхэр и макъамэм дежьуужурэ жиIэрт.

Индрис и ныбжьыр илъэс 22-м иту, Октябрь революцэмрэ Совет властымрэ гуфIэу IущIащ, и пшынэр иIыгъыу, и кьару иIыгъуэу. Абы и творчествэм, и зэфIэкIым нэхъыбэу зыщиужьар совет зэманырщ. «ЗэгуакIуэр дахэщ», «Залымыгъэ» и уэрэдхэм а зэманым мыхьэнэшхуэ яIащ.

Iузхуклэ упсалъэмэ, дэ, яхьхьэхэми, дызыхьхьэхэми тщIэр кьыззэрытщыхъур гурыIуэгъуэ хъу кьысщыхъу.

- Тимур, зым и дежкIи щэхухъым адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я зэхущытыкIэм щыIэ гуэр дэлъ зэрыхъуар. Мыпхуэдэ гулъытэ щыныр ди зэхущытыкIэхэм хуэщхьэпэну пIэрэ?

- Узахуэщ, Iузхум жыжьэ дыдэу фIэкIа хэзымыщыкIми ещIэ а щIыIагъыр зэрыщыIэр. Абхъаз щIыналъэм и щхьэхуитныныгъэм щIэзэуну езыхэм яфIэфIу кIуа щIалэхэм я махуэр, шыщхьэIуIм и 15-р, Iэтауэ щагъэлъапIащ Абхъазым. Зауэм хэта щIалэхэм ящыщ куэд абдеж кьыщынащ, я псэуныгъэри а щIыналъэм епха хъуащ. КьыдэхъулIэмэ, ахэри дэри дызэхуэсу ди Iуэхум дрипсэльэнуц, абы хэлъ зэхэмыбзэкIэ зэрыдгъэкIуэдыным шэщIауэ я щхьэфэ диIэбэнущ. Ди гукъеуэгъэм унафэ пыуухкIа тещIыхьауэ, лъэныкъуэ псоми ди псалъэр зэтес хъуауэ Абхъаз къэралыгъуэм и Iэтащхьэм дежь дыщIыхьэну ди гугъэщ. Абы кьыз а гугъу пщIы щIыIагъэр къэзыщэ щхьэусыгъэхэмкIэ депсэльэлIэнущ, ахэр гъэкIуэда зэрыхъунум и гугъэр къэтIэтынущ. ДэркIэ гурыIуэгъуэщ ди пщIэр дымыIыгъыжмэ, ди Iузхур дэ дымыгъэкIуатэмэ, дэIэпыкъуэгъу щIагъуэ дызэримыIэнур. Iэщэр къэзыщтэу зауэ Iухьа щIалэхэр псори - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Шапсыгаим икIа-хэр - дызэрызэкъуэтыр, ди акъыл зэрызэтехуэр яльаГъумэ, мыкIуатэр зэрыкIуэтэнум шэч хэлъкъым. Дызэрызэхущытыр нахуэ ящытщIмэ, ди гуныкъуэгъуэхэми кIуэрабгъу гуэр яIэну кьыщIэкIынщ. Ди зэхуаку дапъ щIыIагъэр апхуэдэрэ къэдгъэувыIэу зэтес зэрыщIыным, ди зэхущытыкIэр зэредгъэфIэкIуэным делэжьынущ. Сыт хуэдэ Iуэхури гураща дахэм кьыхэкIын, гураща дахэкIэ зэблэхьн хуейщ. Ди щIалэхэр псори зи ужь дитыр арац. Мы етхьэкI IузхущIафэхэри апхуэдэ гулъытэщ къэзыгъэщIари, IэхъугъэгъуэтегъэкI дымыщIу дыщIыпIыри арац.

Гугъэ мыушэ щыIэкъым, фIыщ псори дызыпIэплъэр.

Епсэльар

ТАБЫЩ Муратщ.

Пшынэр пасэу Iэпэгъу зыхуэхъуа Къэжэр Индрис

● Фэеплъ

Къэжэрым иуса, макъамэ зыщIилъхьа уэрэдхэм ящыщ куэд цIэрыIуэ хъуащ икIи нобэр кьыздэсым зэманым и пэ цIыхубзхэм уэрэфащэ пщIэ зэрыхуамыщIым, ахэр мылъкурэ быдыкIэ зэращэм техуха «Рэмэзан» уэрэдыр. Индрис и уэрэдхэм цIыхубзхэр хуагъэушырт щIэныгъэ зрагъэгъуэтыным, кьэрал лэжьакIуэ хъуным, зыхэт кIыфIыгъэм кьыхэкIыным.

Индрис кьыщалъхуа Алтуд къуажэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм уэрэдыкIакIуэ гуп 1929 гъэм кьыщызэригъэпэщащ, езыр и унафэщIу. Абы игъэзащIэу щытащ Къэжэрым и уэрэдхэри нэгъуэщI Iэмал яуасхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэр радиом пшынауэу икIи уэрэджьыкIакIуэу Къэжэр Индрис 1931 гъэм ирагъэблагъащ. КъэфакIуэ-уэрэджьыкIакIуэ гупыр кьыщызэрагъэпэщым, хьихьэри зауэм кIуэуэ дунейм ехьыхьуу абы щылэжьащ. А гъэ дыдэм бгырыс лъэпкъхэм гъуаздджэмкIэ я япэ Къэбэрдей-Балъкъэр олимпиадэм хэтащ пшынауэ цIэрыIуэхэу Къашыргъэ IуIацэ, Къэжэр Индрис, Казиев Билал сымэ.

ЩIэныгъэ имыIэу езыр-езыру кьэхъуа пшынауэ усакIуэу, уэрэджьыкIакIуэу щытами, Къэжэр Индрис цIыху Iущу, зэфIэкI ин зыбгъэдэлъ усакIуэу щытащ. КъишдынэмыщIауэ, Iэзэгъэшхуэ хэлъу и пшынэмкIэ игъэзащIэм кьыщымынэу, езым кьафэ, ислъэмей зэхилъхьэу щытащ. Апхуэдэщ ноби ягъэзащIэ «Индрис и кьафэ» дахэр.

Iэзагъ ин хэлъу абы псалъэхэр зэригъэкIуурэ гукIэ зэхилъхьэрт, пасэрей джэгуакIуэхэм хуэдэу. И уэрэдхэр макъамэ дахэхэр дэщIыгъуу гум кьыбгъэдэкI макъ щабэкIэ игъэзащIэрт, и пшынэм дежьуужу. Индрис и уэрэдхэмкIэ хабзэжьым пащIэтт, щIэм щытхьурт, цIыхубэм я ехьулIэныгъэхэр хIуцIыIу ищIырт, бзнэныгъэмрэ текIуэныгъэмрэ кьыхуридждэрт.

Къэжэр Индрис артистыфI, уэрэдус, пшынауэ Iэзэ къудейтэкъым, ар икIи дрэбзэр Iэкiуэльакiуэт. Къэзышэну щIалэхэмрэ ящэну хъыджэбзхэмрэ фэилъхьэгъуэ дахэхэр, фащэ екIуэхэр яхуидырт. Уеблэмэ жаIэрт, Индрис фащэ зыхуид щIалэм нэхъ зызыгъэпагэ хъыджэбзри кьыдэкIуэну. Апхуэдэ дыдэуи жаIэрт фащэ дахэ зыхуида хъыджэбзым зыхуей щIалэр и IэмышIэ илъу.

КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, щIэныгъэлI, Iуэрыпуатэдж щIэрыIуэ Нало Заур игу къигъэкIыжырт: «Къэжэр Индрис артистышхуэт, пшынауэ Iэзэт, ди республикэм и зы кьуажи щыIэу кьыщIэкIынкъым ар зрамыгъэблагъа, тешанкIэкIэ здамыша хьэгъуэлIыгъуэрэ нысашэрэ. Индрис гуфIэгъуэхэр игъэдахэрт, гукъинэжу иригъэкIуэкIырт. Нэхъыщхьэращи, щIыхьышхуэрэ пщIэрэ кьухуащIу щытащ».

Совет властыр мыхъуамэ, Индриси Агьнокъуэ Лашэ хуэдэу джэгуакIуэу е пшынауэу кьэнэжьынкIи хъунт. Ауэ, ахуха гъащIэщIэм и фIыгъэкIэ абы и зэфIэкIым зиужьащ. Ар цIыхубэм ягу кьинэжащ пшынауэ Iэзэу, уэрэджьыкIакIуэ гъуэзэджэу, усакIуэфIу.

1941 гъэм фокIадэм и 3-м Къэжэр Индрис ансамблым хэкIри Хэку зауэшхуэм кIуащ. Щоджэнщыкiу Алийрэ абырэ бийм гъэр ищIа-хэзм яхэзуэри, Бобруйск щыIэ нэмыщIуэм ирадзащ икIи а илъэс дыдэм и щэкIуэгъуэ мазэм концлагерым шхын щхьэкIэ илыхьащ. А щIалэхэм мыззмытIуу кьыхуагъэпсэгъуат нэмыщIэхэм я пIэныкъуэ защIу яхуэлэжьэну арэзы хъумэ, офицер кьулыкъу, лэжьапIэфI кьратыну. Ауэ, тIури арэзы текъуакъым я Хэкум епцIыжыну. Апхуэдэуи нэмыщIуэм щыкIуэдащ.

ТЕКIУЖЬ Заретъ.

● Егъэджэныгъэ

Финансхэм епха щIэныгъэмкIэ онлайн-дерсхэр

Финансхэм епха щIэныгъэ зэгъэгъуэтыныжьмкIэ кьыззрагъэпэщауэ щыта гъатхэ онлайн-ещанэхэм гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу едгъакIуэ 5700-м нэблагъэ хэтащ. Проектым хьихьащ ди щынальэм и еджапIэ 46-рэ зы колледжрэ.

ЕДЖЭНЫГЪЭХЭР кьыхэзыIыхьа Урысейм и Банкым хьыбар кьыззритамкIэ, проектым щIэупщIа яIащ, дапэкIэ а Iузхугъуэм кьыпащIу мазищкIэ екIуэкIыну бжьыхьэ еджэныгъэхэр кьыззрагъэпэщынущ.

«Финансхэм епха щIэныгъэмкIэ онлайн-дерсхэм зэрыкъэралу еджакIуэ мин бжьыгъэхэр зэришэлIащ, - жеIэ Урысейм и Банкым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ кьудамэм и унафэщIым и кьуэдзэ Къалэ Асльэн. - Ар бгъэщIэгъуэныр щыткъым. Еджэныгъэм кьыхьихьа дэтхэнэми Iэмал иIэнущ финанс Iузхугъуэм зэрыбубзыхуум икIи зэрызебгъэкIуэным хэль щэхуэхэр, ахъшэр зэрыхэпльхьэнум, кьыззребгъэлэжьынум, ахэр химыскъым хуэдэу страхованиер кьыззрызэбгъэпэщынум ехьэлIа пэублэ щIэныгъэр, банк картэхэр зэрызеплъэнур, кибершынагъуэншагъэм хэль гъэщIегъуэнхэр. Дэтхэнэ еджакIуэри хуитщ езым фIэгъэщIэгъуэн, зыгъэпIейтей, кьыгурымыIуэ упщIэхэм я жэуапыр заншIэу егъэджакIуэхэм, зи Iэщагъэм фIыуэ хэзыщыкI экспертхэм къапихыну».

Урысейм и Банкым Ипщэ федеральнэ щIыналъэм щиIэ кьудамэм и пресс-кьулыкъущIапIэм гу зэрыльитамкIэ, гъатхэ ещанэгъэхэм якъ иткIэ екIуэкIа онлайн-дерсхэм, зэры-Урысейуэ хэщутэмэ, еджакIуэ мин 11-м щIигъу едэIуащ. Нэхъыбэр дзэныхьэхэр уней финансхэр кьыззэрэпэщащ зэрыхьунум, финанс Iэмалхэр нэхъ Iэрыхуэ зэращIынум, кибербзаджащIэхэм зэрызыщахъумэнум теухуа дерсхэрщ.

Онлайн-дерсхэм хьихьэну, финансхэм епха щIэныгъэ зэрагъэгъуэтыну хуитщ курыт щIэныгъэ щызрагъэгъуэт Iузхущапэ кьыззрагъэщIэри, абы щхьэкIэ зыхуэныкъуэ интернетымрэ техникэ IэмалхэмкIэ ахэр кьызэгъэпэщащэ щытмэ.

Бжьыхьэ еджэныгъэхэр кьыззрызэрагъэпэщынум ехьэлIа хьыбарыр проектым и сайтым кьыщыгъэлъэгъуащ.

Iузхущапэм мыкIуэу суд приставхэм нэгъуэщI Iэмалкiи зыхуагъэзэфынущ, «Интернет-приёмная» сервисыр управленэм и сайтым (http://r07.fssp.gov.ru) кьыщагъэсэбэпу.

Хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр кьурипщIэну тынщщ «Личный кабинет стороны исполнительного производства» сервисри. А Iэмалыр сэбэп яхуохъу зи щIыхуэр кьеIэзыхьыжыну хэт е зытелъ цIыхум и тхыгъэр электроннэ жьыпхъэм иту суд приставхэм я федеральнэ Iэнатiэм езыгъэхьыну хуейм. Абы уиихьэфынущ къэралI Iузхугъэхэбзэкэр щызэфIагъэкI порталымкIи.

Управленэм гупытэ хуищIащ щIыхуэхэр зыхуэдэр кьыщыпщIэ хъуну сервисым - «Узнай о своих долгах». Абдеж дэтхэнэми кьыщищIэфынущ езым и мызакъуэу, и благъэ-Iыхьлыхэми щIыхуэ ятелъэр ятемыльэр, аphysдэуи и чэзум ахъшэр щитыжьынущ.

Бауаевыр кьытеувыIащ нэгъуэщI зы Iэмалми. Ар телефонхэм трагъэтхэн папщIэ зэхагъэува «ФССП» гуэдзэнращ, пщIэншэу кьагъэсэбэпынущ. Управленэм линие щхьэхуэ кьыззэригъэпэщащ зи цIэ-унэцIэхэр зэтехуэхэм я Iузхукiэ - 8 (8662) 42 59 45. Банкхэм е кредит Iузхущапэхэм кьыщыазэуаха счётхэм я ахъшэ ирахамэ, щыуауэ улахуэм щыщ яубыдамэ, суд приставыр а Iузхуэм елажьынущ.

Iузхущапэм и сайтым нэгъуэщI кьудамэхэри хэтщ, «Жизненные ситуации», «Интерактивный помощник стороны исполнительного производства», «УпщIэжэуап» фIэщыщIэхэр яIэу.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Иджырей Iэмалхэр къагъэсэбэп

Суд приставхэм я федеральнэ Iэнатiэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI - КъБР-м и суд пристав нэхъыщхьэ Бауаев Ахъмэт журналистхэм ядригъэкIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ цIыхухэм зэраIущIэ щыкIэмрэ Урысейм и ФССП-м и электроннэ сервисхэр зэрылажьэмрэ.

МЫ ЗЭМАНЫМ цIыхухэм я щынагъэншагъэр яхъумэн папщIэ, управленэм и унафэщIхэр абыхэм зэрахуэзэр ткIийуэ кьызэрагъэпэщ - Iузхущапэм Интернетым цIэ сайтым дех япэщIыкIэ щебгъэтхын хуейщ апхуэдэ мурад уэрэмIэр. Абы кьыщыгъэльэгъащ сыт хуэдэ дэфтэрхэр Iыгъыпхъэмэ. Апхуэдэуи упщIэ зиIэм и махуэр, хухах сыхьэт бжьыгъэ, Iузхущапэм зыщыкъухигъаззм и щхьэусыгъуэр кьыщыгъэльэгъуа талон абдеж щаубзыху. Этерконнэ пощт иIэу зыгъэм и адресым а талоныр хуагъакIуэ.

Коронавирус узыфэр зэбграмыгъэкIын папщIэ, Iузхущапэм екIуэлIэжам кьалъытэн хуейщ ягъэува мардэ псори: нэкIуIупхъуэхэмрэ Iэлъэхэмрэ Iэмал имыIэу яIэн хуейщ.

КъишдынэмыщIауэ, КъБР-м суд приставхэм я управленэм цIыхухэм тхыгъэкIи зыхуагъаззэну Iэмал яIэщ: Iузхущапэм и Iэнатiэ псоми ашыкхэр щагъэуващ, тхыгъэхэр зэпымыууз зэбграхыжу.

Апхуэдэуи телефон номер щхьэхуэ мэлажьэ, цIыхухэм яIэ упщIэхэм теухуауэ псалъэ хъуну. Номерыр управленэм и сайтым кьыщыгъэльэгъуащ.

Iузхущапэм мыкIуэу суд приставхэм нэгъуэщI Iэмалкiи зыхуагъэзэфынущ, «Интернет-приёмная» сервисыр управленэм и сайтым (http://r07.fssp.gov.ru) кьыщагъэсэбэпу.

Хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр кьурипщIэну тынщщ «Личный кабинет стороны исполнительного производства» сервисри. А Iэмалыр сэбэп яхуохъу зи щIыхуэр кьеIэзыхьыжыну хэт е зытелъ цIыхум и тхыгъэр электроннэ жьыпхъэм иту суд приставхэм я федеральнэ Iэнатiэм езыгъэхьыну хуейм. Абы уиихьэфынущ къэралI Iузхугъэхэбзэкэр щызэфIагъэкI порталымкIи.

Управленэм гупытэ хуищIащ щIыхуэхэр зыхуэдэр кьыщыпщIэ хъуну сервисым - «Узнай о своих долгах». Абдеж дэтхэнэми кьыщищIэфынущ езым и мызакъуэу, и благъэ-Iыхьлыхэми щIыхуэ ятелъэр ятемыльэр, ащхуэдэуи и чэзум ахъшэр щитыжьынущ.

Бауаевыр кьытеувыIащ нэгъуэщI зы Iэмалми. Ар телефонхэм трагъэтхэн папщIэ зэхагъэува «ФССП» гуэдзэнращ, пщIэншэу кьагъэсэбэпынущ. Управленэм линие щхьэхуэ кьыззэригъэпэщащ зи цIэ-унэцIэхэр зэтехуэхэм я Iузхукiэ - 8 (8662) 42 59 45. Банкхэм е кредит Iузхущапэхэм кьыщыазэуаха счётхэм я ахъшэ ирахамэ, щыуауэ улахуэм щыщ яубыдамэ, суд приставыр а Iузхуэм елажьынущ.

Iузхущапэм и сайтым нэгъуэщI кьудамэхэри хэтщ, «Жизненные ситуации», «Интерактивный помощник стороны исполнительного производства», «УпщIэжэуап» фIэщыщIэхэр яIэу.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Бахъсэн щаухуащ яслъэ ныбжьым итхэм щакIэлъыплъыну унэр

Бахъсэн къалэм дэт курыт школ №4-м егъэбыдыIа, яслъэ ныбжьым ит сабийхэм щадэлажьэну Iузхущапэр щыIэн яухащ.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР екIуэкIащ «Демографие» лъэпкъ проектым хьихьэ «ЦIыхубзхэр Iэнатiэкiэ кьызэгъэпэщын - илъэсищ иримыкIуа сабийхэр щаIыгъыну Iузхущапэхэр ухуэн» федеральнэ проектым ипкъ иткIэ. Псори зэхэту метр зэбгъузэнатiэ 616-рэ хъу унэр кIэлыпдоркIэ пыщIащ нэхъапэм яща унэм.

Проектым зэрыщыубзыхуам тету, унэр ящIащ зы къат фIэкIа мыхъу, щIыунэ имыIэу, и пкIэунэр къэбгъэсэбэп мыхъу.

Унэм дэтхэнэми сабий тIощ хэту яслъэ гупитI щIэхуэнущ. Апхуэдэ Iузхущапэм мардэкIэ хэтын хуей псори иIэщ мы яслъэми: цIыкIуэм щадэлажьэну, я Iэпкъ-лъэпкъхэм зыщрагъэуIуэдыину, я къабзагъэм щыкIэлъыплъыну щIыпIэхэр, методикэ пэщ, щIыхьэпIэхэр, пэIущIэ пэшышхуэ.

БАЛЪКЪЫЗ Iэминэ.

Дзыхь зыхуэпщI хъун щIалэгъуалэ

● Гъуэгу къежьапIэ

Дызэрыщыгъуаззэщи, ди къэралым и хабзэ нэхъыщхьэм, УФ-м и Конституцэм, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуа IэIэтхэр куэд дыдэ щIакъым ди хэкум зэрыщекIуэкIэр. Дэтхэнэ зыми ди дежкIэ къызэрыгуэкIыу щымыт а Iуэхур къызыхуэтынышэу къызэгъэпэщыным, ныкъуэныгъэншэу екIуэкIыным я зэфIэкI куэд ирахьэлIащ къулыкъущIэхэми, Iэщыгъэлiхэми. Iуэхум жыджэру хэлъхьэныгъэм ящыщщ щIалэгъуалэри. «Конституцэм и волонтёрхэр» жыла-гъуэ зэщIэхъеенныгъэм хэту, КъБР-м и Хэкакiуэ комиссэм и нэIэм щIэту а лъэхъэнэм ди щIыналъэм щылэжьащ зи щIалэгъуэ 200-м щIигъу.

ХЭХАКIУЭ комиссэм и лэжьакIуэхэр хэплъэжащ Iэлэтым епха лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIам икIи абы кьрикIуахэр кьыщапщытэж зэхуэс иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ. А Iузхугъуэхэм теухуауэ зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Хэкакiуэ комиссэм и секретарь Беспаловэ Наталье. Абы зэрыжиIамкIэ, Iэлэтыр ди щIыналъэм ныкъуэсаныгъэншэу щекIуэкIащ.

- Iузхур кьызыхуэтынышэу зэфIэха зэрызхъуам я фIыгъэшхуэ хэлъщ ди республикэм и волонтёр щIалэгъуалэм. НыбжьыщIэхэр жыджэру, жэуапIныныгъэр зыхащIу зы хущ сыт хуэдэ лэжьыгъэмэ. Си гуапэщ дзыхь зыхуэпщI хуэ щIалэгъуалэ ди щIыналъэм кьызэрагъэтаджэр, - кьыхихгъэщащ Беспаловэм.

Налшык къеблэгъашц зэдзэкІакІуэ Липкин Семён *(ижьымкІэ етІуанэщ)*. **Абы бгъэдэтщ КІуащ БетІал, Щоджэнцыкі Іэдэм, Щомахуэ Амырхэн, Киреев Михаил сымэ**. *1955 гъэ*

Аспирантурэм щоджэ. *Мэзкуу, 1948 гъэ*

Германием щыІэу. *1945 гъэ, накъыгъэм и 25-м*

И усэщІэм Шортэн Аскэрбий къыхуоджэ. *1951 гъэ*

Псынэ къибыргъукІым ещхь КІуащ БетІал

БАГЪЫ Пётр

«ЩыІэщ Іуэхуи цыхуи, гъэхэр блэкІыуэрэ пэІэщІэ дахуэхъуу, ауэ я мыхьэнэр нэхъ гурыІуэгъуи нэрылъагъуи хъуу».
Академик ЧИКОВАВЭ Арнольд

***Москва, Ленинград, Тбилиси дэт университетхэм щрагъэджэнухэр къыхахын хьисэпкІэ, 1947 гъэм Налшык къалэ щыізэхущэсауэ щытащ курыт школхэр къэзыуа ныбжьыщІэхэр. Район къэс хуэзэу зыбжанэм ди цІэ къраІуэри, ещхьапІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр къытхагъэпсэлъыхьащ. А зэманым Къэбэрдейм щІэныгъэ и лъэныкъуэкІэ нэхъ къыхэжэпхъыкІа зыкъомми зэІущІэм щхрихьэлІат. Ауэ а псом нэхъри дигу нэхъ кьинэжауэ щытар абы ипэкІэ зэи зи цІэ зэхэдмыха икІи дымыльэгъуа, дызыхурагъэджэну Іэщіагъэм щыгъуазэ дызыщІахэм яхэта КІуащ БетІалт.*

ЛІыгъэмрэ напэмрэ къыхуалъхуа

ЖІІА псори сщІэжыркъым, ауэ и къэпсэльэкІэр гукъинэжт, псынэ къибыргъукІым ещхьт, и псальэр апхуэдизкІэ гум хьыкъэти, укъызыхуриджэм утригъэльадэрт, утригъэгушхуэрт. «Сыту щІалэ губзыгъэ, сыту урысыбзэкІи Іэзэ», - арат дыщІэзэбгрыкІыжым псоми зыжьэу жаІэр.

А гъэм Тбилиси дэт университетым сыщІэтІысхьащ Къумахуэ Мухьэдин, Щэрдан Іэбу, Шагьыр Іэмин, нэгъэущІэхэми срагъуэсу. Езы КІуащин а гъэ дыдэм, и ныбжьыр илъэс 27-м ити, СССР-м ЩІэныгъэхэмкІэ и Академиемэ БзэщІэныгъэхэмкІэ и институтым и аспирант хъуащ.

1952 гъэм еджэныр къэзыхри, ди радиокомитетым редактору лэжьэн щыщІэздзащ, сцІыхуи сыкъэзыщІыхужи щымыІэу. Щылажьэхэм я нэхъыбэр мыщІалэж дыдэу, фызбынуназэу, къулыкъу гуэрхэми пэрытауэ гукъыдэжьыхуэ зиІэ щІалэгъуэхэр, щхьэж и Іуэху зэрыкъуэфІакІкІэ игъэзащІэу зэхэсхэт. Зэманыщ гуащІэт, щІыхуэр щтэщтаблэт, я гур иудат, пхэнжу зы псалъэ къыбжьэдэкІмэ е зы щыуагъэ тІэкІу нэтынхэм щыпІэщІэкІмэ, фІы щІымыхыным зыри хуэІуатэкъым. Радиокомитетыр зыщІэса унэр, аппаратнэри студиери хэту, пэш цІыкІу зыхьІбл фІэкІа хъуртэкъым.

Зы махуэ гуэрым комитетым ныщыІхьащ лІы хэщІыхьа нэжэгужэ, и нэгур зэлъыІухарэ мащІэу нэбгырыплъэ и нэ пІащитІым гъбзыгъэгъэ къыщІихьу,

- Уэ къеблагъэ, БетІал, уо, БетІал! - жаІэу псори зэущхъеящ.

Ар еджакІуэ дыкІуэн и пэкІэ къытхэпсэлъыхьа КІуащ БетІалт.

Дэтхэнэ зыри БетІал и дунейм, и ІуэхущІафэхэм, и къекІуэкІыкІам фІыуэ щыгъуазэти, мор пщІэжрэ, мыр пщІэжрэ, кхъыІэ, мор е мыр кхъыдэпІэжьи; апхуэдизт ар зэрыщытар, БетІал? - жаІэрэ, гушыІэ, ауан, гъэщІэгъуэн гуэрхэр хэлъу БетІал къеупщІхэрт. Гухэхъуэу дыхьэшхыу, езыми а къыззреупщІхэр къиІуэтэжырт. Абы илъэгъуар, зэхихар, ищІар, и ныбжь емылъытауэ, куэдыщэти, къиІуатэ пэтми гъунэ ирилъэтэкъым - хигъахъуэ зэпытт. ГъащІэм гукъыдэж ин хэзиІэ, цІыхум гу щызыміхыу, абы и пІалъэр фІыуэ зыщІэ БетІал зэригъэзахуэхэм, зи гугъу ищІ Іуэхугъэхэм, къэхъуькъащІэхэм нэхъыбэр щыгъуазэтэкъым, къагурыІуэртэкъым. Ар зэ слъэгъуауэ щытами, БетІал и мынэІуасэу радиом щылажьэр си закъуэтэ, Тбилиси щеджащ жаІэу сыкъыщыгъэщІыхуэм, куржьбзэкІэ псальитІ-щы къызжиІащ, профессор, адыгэбзэр джыным екъэлІауэ дуней псом щыщІэрыІуэ щІэныгъэлІ Рогавэ Георгии яхэту зыкъомым щІэупщІауэ, хуэфащэ гуэдзауэ щытащ, абыхэм я тхакІуэхэм, я еджагъэшхуэхэм ятепсэлъыхьурэ къэдыкъэшхри, адэкІэ къыпищащ:

- Зы щІэщхъу къытщыщІат Елбэд Хьэсэнрэ сэрэ Тбилиси командировкэ дыкІуаеуэ. Рогавэ дригъэблагъэри, Іэнэ къытхуищтат, дэ ерыскъыгъуэу къэдмыгъэсэбэп удэ, хъэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэ куэд телъу. Хьэсэнрэ щыса нэужь, зыкъэпІъыхьщ-зынипІъыхьщ, си дежкІэ зыкъригъэзэкІри адыгэбзэкІэ: «Уа, мыбыхэм мэкъу фІэкІа дагъэшхынукъэ?» - щыжиІэм, сыкъыщиуд пэтащ. «Сейчас, Хасан Уэжукович, все будет», - жиІащ Рогавэ. Хьэсэн и псальэхэр зыми кІэгурымыІуэн и гугъати, щыуаущ къыщІэкІат.

Рогавэ Георгий кавказоведышхуэт, илъэс щэ ныкъуэм щІигъукІэ адыгэбзэм куууэ елэжьат, Тбилиси университетым кавказыбзэхэмкІэ и кафедрэм и унафэщІт, абы и цІыхьгъуэ Помтатидзе Кетевани Грузием щІэныгъэхэмкІэ и Академиеми и академикт, Грузием БзэщІэныгъэмкІэ и институтым и директорт, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щытащ. Рогавэрэ Помтатидзерэ щІэныгъэ Іуэхугъэ Къэбэрдейм къэдгъэкІуащ - зауэм и пэкІи, зауэм и ужькІи.

1948 гъэм ди щІэныгъэ-къэхутакІуэ и институтым зэІущІэхуэ игъэзэкІуэ-кІырт, адыгэ тхыдэм, адыгэбзэм теухуауэ. Абы кърихьэлІат еджагъэшхуэ куэд, Москва, Ленинград, нэгъуэщІ щІыпІэхэми къикІауэ. А зэманым бзэщІэныгъэм и лэжьакІуэхэм яку зэгурымыІуэныгъэшхуэ дальащ: нэхъыбэм Марр Николай и «Новое учение о языке» жьхуиІэр узытекІ мыхъун марксист теориеу ябжьыр - арат унафэщІ нэхъыщхьэхэм якъуэдиІэр, ахэр абы и телъхьэт, ауэ ар зыфІэмыкъабылхэр, абы бзэщІэныгъэр ипэкІэ имыгъэкІуатэу зыльхьэу, зэхэзыгъэзэрыхьу, щІэныгъэм пэІэщІэ теорие нэпцІу къэзыльытэ «сампІэимыхьэ» зыгуэрхэри щыІат.

Яковлев Николай еджагъэшхуэт, кавказыбзэхэр тхыбзэм тешэныж, а бзэхэр джным кьарушхуэ ирихьэлІат, абыхэм ятеухуауэ зэфІэкІышхуэ зэриІами шэч лъэпкъ къытепхьэ хъунутэкъым, арщхьэкІэ марризмэм хуабжьу итхьэкъуат. Марр и «диныр» хьэжьыу пхыкІати, узгъэри чыхури къыгурыІуэжтэкъым. Марр и теорие кІыуныщІэтэмэ, Яковлев Николай уриБий кІэуфІыщІт, уриихьэрэмт. Абы и мызакъуэу, унафэр зыІэщІэлъхэми Марр зыубхэм фІы щІрагъэхьртэкъым.

Зи гугъу тщІа сессием Яковлевыр къыщІопсэльащ, марризмэм щІэгъэкъуэн хуэхъу гуэрхэр адыгэбзэм къыхигъэщ щыкІэу, ар теорие нэпцІым и телъхъэ ищІу. Рогавэрэ Помтатидзерэ абы пэрыуэу, Марр и мэсхьэбзм уиту бзэхэм я хабзэр нэгъэсауэ зэІубз зэрымыщІыфынум, абыхэм (кавказыбзэхэм) я зэкъущытыкІэхэмрэ зэкъущытыкІахэмрэ, бзэмрэ щІыбзэм и тхыдэмрэ зэрызэпыщІамрэ зэрызэхуэныкъуэмрэ, абыхэм я зыужьныныгъэм иІэ щхьэусыгъуэхэмрэ бзэм и зэхъуэкІыныгъэмрэ къызэрымыуэтэфынум тепсэлъыхьащ. Шынагъуэт а зэманым «псоми» я Іуэху ептыхьІэм хуэдэу умыгупсысэнкІэ, дзыхьыгъуэджэт Рогавэрэ Помтатидзерэ уакъыдэщыныи, урагъэнэгъунри, ар дзэ къэна, ахэр пцІыхуу укъащІэнри. Яковлев Николай и зэзэмэ по тІум ятрикьутащ, сессием хэтхэм Іумпэм зэращІыщІи къигъэнакъым, марксизмэм и бийуэ къыщІирагъэдзыным нигъэсауэ.

«Зыри кІыщтхъэщхьэкъэшхи, псори тпикІуэтауэ джэрэзу утыкум дыкъинат. АрщхьэкІэ, Яковлевым сытым дежи и Іуэсу, кьалэщхьэгуэжьу зыщыгуГъ, гу зыщимыхуэ и аспирант КІуащ БетІал, псоми къэпсальэу къыдбгъэдыхьэри зыкъыдигъэщІыхуащ, и нэхъыщІагъэм зэрыхуэфащэкІи дэ лэжьыгъэжэм, жьгІакъэм фІыкІэ тепсэлъыхьащ, Яковлевым и Іуэху бгъэдыхьэкІэм арэзы зэрытемыхуэр имыбзыщІу. Тбилиси дыкІуэжьну гъэзэгу дытехьэжьыху БетІал дбгъэдэкІакъым, ди жагъуэ хъуат адрейхэр апхуэдэу къэрабгъэу къызэрыщІэкІар. Ауэ БетІал ди гум хуабэу къынэжащ, лІыгъэу абы щыгъуэ зэрихьар, бзэщІэныгъэм куууэ зэрыхищІыкІыр Грузием дыкъэкІуэжа нэужь, ди лэжьэгъэ къэдым яхуэтІуэтэжащ», - ар Рогавэрэ Помтатидзерэ мызэ-мытІэу ягу къагъэкІыжу сэри зэхэсхащ.

Абы зауэм щыхуэзэфІэкІари, и напэр и гъуаэзэрэ къэмыскІэу утыку зэрихьари, адыгагъэм зэремыльэпэунри, «дахуэхам» щІэгъэкъуэн зэрызыхуищІэри узыдэпльеин щапхъэ хьэрэзыщІэт. АпхуэдизкІэ къэдым яльэкІакъым; абы иужькІэ езымрэ Яковлевымрэ яку къыдэхуахэм сыщыгъуазэкъым, сызыщыгъуазэр зыщ: Яковлевым и Іуэхуэр щыбгъунльъам, Москва щІэжьэгъуу щытахэм зыпыІуадз щыхуэм къыгъэтэжар лІыгъэмрэ напэмрэ къыхуалъхуа КІуащ БетІалт.

Зы илъэс закъуэ

КУЭДЫМ куэд жаІэ, ауэ... БетІал ди институтым зэрыщымылэжьэкрэ илъэс зытІыщ дэкІаеуэ, и хьэ щыкІыр и Іуэхуэ, уэрамымкІэ здрикІуэм, ирихьэлІащ БетІал щІэныгъэ сессием къэрагъэблэгъа еджагъэшхуэ гуп, Тбилиси къикІауэ Грузием щІэныгъэхэмкІэ и Академиеми и академик, еджагъэшхуэ Топуриа Варлам, зи гугъу тщІа Рогавэ сыми хэту. Хуабжьу зэщІыгуфІыкІхэу сэлам зэрахри, афІэкІ хэмылъу, фынеблагъэ, жиІэри БетІал хьэщІэхэм ятрикъуэзу хуежьащ. ХьэщІэхэр гузавэу, «Хьэуэ, ижькъІэ, дэ кудэдхэу, иджьри сессием дыщІыхьэжьн хуейщ, Іуэху куэди диІэщ», – Іэджж щхьэусыгъуэ ящІащ. Сэри: «БетІал, ар дауэ хьун? Мы къомыр... Ижьжьі бгъэблагъэхэмэ нэхъыщІщ», – жысІащ, арщхьэкІэ зыми Іэмал хуигъэтакъым абы и мурадыр иригъэхъуэжьыну. Арати, псоми зрачри БетІалхэ я деж макІуэ.

«Дыкъакъэрэ-дыпщІыпщІу нэхущ хъуху дыщІащхэ. ИгъащІэм нэжэгужу зэ дызэхэсамэ, ар етІуанэт», - жаІэжьыр. Ягури я псэри утІыпщауэ, гушыІэу, кьафэу, узрэдж жаІэу, я жьэр щІэнкІэнным нэсауэ БетІал гупыр игъэдыхьэкъшыеу, хьыбар гъэщІэгъуэнхэм щІигъэдзІуу, псальэр щІэныгъэм хуэкІуэми, и Іыхьэ къимыгъанэу. Мис апхуэдэ куэд лъэкІырт а адыгэлІ нэгъэсам, адыгагъэр екІуэр ещхьу зыгъэзащІэу дунейм дахэу тетам.

- Ди къэфакІуэ-узэрэджьыкІуэ гупым я Іуэсэу ноби Прибалтикэм сыкІуэну сожьэри, Хьэмгъуокъу Барэсбий деж ІуэхуэкІэ сыкъэкІуати, сэлам фэсхьыжьнущ, - жиІэри дэкІыжат ар махуэ гуэрым.

Гухэхъуэр абы уеплъыныр: щІалэ къуапцІэ ест, драп бэлъто фІыцІэр екІупсу, абы щыщу кепкэ къуенцІи щхьэрыгъажу. Абдеж щегъэжьауэ сэри нэхъыеиншэу БетІал кІэрыпщІахэм ящыщ зы сыхъуащ.

Ансамблыр Прибалтикэм къикІыжа нэужь, БетІал сэрэ нэхъ кІэщІ-кІэщІурэ дыззхуэзэ хъуат, 1953 гъэм и ГъатхэпІэ маазэм, БетІал хэлІыфІыхьри, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым бзэмрэ литературэмкІэ и къудамэ езыр зи унафэщІу щытам лэжьакІуэу сащтащ. Къудамэм езымрэ Елбэд Хьэсэнрэт щылажьэр. Пэжьыгъэм къыщыдэхуэжьэм дежи БетІал хъыбар телъыджхэр игу къыгъэкІыжьырт, дыхьэшхэн гуэрхэр жиІэжьырт, бзэм и Іуэхугъэ Хьэсэн пкърыупщІыхьырт, абы и нэгу щІэкІа-хэми хуабжьу фІэгъэщІэгъэну едаІуэрт. БетІал псалъэ ешэжьа и жагъуэт, Іуэху гуаузщхьэуэхэм темыпсэлъыхьмэ нэхъ кьищтэрт, зыгъэр ирубыну и ажалт, игу иримыхьам зы псалъэ-псалъитІ щэрыуэу иридзынти екъэжьынт.

Зы илъэс закъуэщ БетІал сыдэлэжьэну си насыпым къыззрихьар. Абы и ужькІэ ящІэ и фІэфІныныгъи хэлъу, ар «Къэбэрдей» альманахым ягъэкІуащ.

Алыхьым усакІуэу къигъэщІа

БЕТІАЛ Алыхьым усакІуэу къигъэщІат. Езым итхам хуэдэу ар щыгуфІыкІырт нэгъэущІэхэм я тхыгъэфІэхэми. Езым и усыгъэр игу щрихьыжьым деж, фыкъедалуэт, жиІэрти итхам кьытхуеджэрт. И пащхьэм тхылымпІэу телъыр зэхэтхьыжат, псальэ хэмгъуэтахэр, усэ ныкъуэтхэр, телефон номерхэр, нэгъэущІ Іэджи тетхауэ. Зыбгъэдэс стІолым тепІъ тхылъхэм, тхылъымпІэхэм, зэридзэкІа Іэрытхэм тхъэрыкъуэфхуэдизэ хъу и тхьэкІумэхэр къыгуэлэлу, и нэхэр щІригъэльафэу, ятпэм иІа и хьэ плъыжьышхуэр зэззымызэ кІыхэгъуэлъхьэжьыри, ар БетІал и гуфІэгъэщхуэт. Абы Хьэсэнрэ сэрэ десэжат, ауэ ар зи гум темыхуэр институтым и унафэщІКІэрэф Къамболэт. ИкъукІэ лІы тэмакъкІыхьт ар, хабзэщхуэ зыхэлът, БетІали фІыуэ илъагъат, ауэ и пІэм къизыщыр хьэрат. Хьэсэнрэ сэрэ а щым я Іуэхум диукІырт, щэми дисырт, шхуми дисырт.

Институт лэжьыгъэми усэ тхынми къыдэкІуэу, БетІал тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэми я ущиякІуэт, я чэнджэщэгъуэт, щІэблэр Іейм щихьумэрт, фІым хуиунэтІырт. Куэд къакІуэрт абы и деж, ятхаэр яІыгъыу е письмокІэ кърагъэхьауэ щытахэм я щхьэ я къриикІэ ар зрагъэщІэну. Абыхэм БетІал яжриІэм уемыдэІуэну гугъат - акъылышхуэ хэлът, щІэхъуари, щІэмыхъуари, дяпэкІэ щІэн хуейри, ехьэкІыкъехьэкІи хэмылъу, ауэ ягу емыуэу яжриІэрт. БетІал псэуху ди льэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыныи пылъащ: бзэщІэныгъэм телэжьащ, зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэр литературэм хуэзышэ лъагъуэм тригъэуващ, усыгъэхэм хуэкІ куэди къыжьдикъуащ.

Зэгуэрым зы щІалэ щхьэпэльагэ кукІытэх гуэр, и ныбжьэгъуи и Іуэсэу, къакІуэри, БетІал абы кІыхьу епсэльащ, и усэ къызэджахэр хуэзэпкърахащ. «Уэлэхьи, мыбы БетІал зыгуэр дильэгъуам, игу ирихьэн гуэр къыхуихьам», - жысІэри сигукІэ. ЩІалитІыр щІэжьа нэужь, сеупщІащ: «Хэт сымэ ахэр?» - жысІэри. «Мис а нэхъ щхьэпэльагэр Тхьэгъэзит Зуберщ, хьэфімыдзэжмэ, егугуымэ, ар усакІуэ хъунущ», - жиІэрат БетІал. Куэдрэ и цІэр фІыкІэ къриІуэу, езым итхахэми къыхуеджэу, КІуащым и Іумэтым итахэм ящыщщ Нало Заур. Езы Заури БетІал зыхилъхьэ щымыІэу бгъэдэтащ, нобэр къызэдэсыи гукъыдэж ин хэлъу яужь итщ и ныбжьэгъу льэпІэу щытам ди щэнхабзэм, ди литературэм хуэфащэ уеІуІэ зэрыщигъуэтыным.

Институтым лэжьакІуэ сыкъыщыкІуам адыгэбзэм и грамматикэ ятхьну загъэхьэзыру щІадзат, мурадыкъуэу яІэт, ямыгъуэтыр ар зыгъэззэщІэнт. Мурад къудей мыхъуу, тхылъым и шыфэлІыфэу щытынур БетІал иубзыхуат, ар нэхъыбэу, нэхъ хэкъуэзауэ зи щхьэфэ иІэбэну Іуэхугъуэхэри къыхигъэбелджылыкІри, ди грамматикэм и гъуэзэр ззэшІыну зыхуигъэфащэ щІэныгъэлІхэми и цІэр къриІат. А псомкІи БетІал дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъур, чэнджэщ къезытыр адыгэбзэм куууэ хэзыщІыкІ, илъэс куэд щІауэ абы елэжь, адыгэбзэм и Іэфімрэ и дахэмрэ зыщыщымыгъэнщІ Елбэд Хьэсэнт.

Езы БетІали щІэныгъэлІ Іэзэт: аспирантурэм щІэсу Москва щыщІа илъэхэм зи унафэ щІэта, адыгэбзэр щІэныгъэр и лъабжьэу къэзыхутэну псом япэу яужь ихьа профессор Яковлев Николай куэдым гу лъригъэтат. БетІали, усыгъэм къыхуалъхуауэ щымытамэ, бзэмкІэ щІэныгъэлІ ІэкіуэлъакІуэ дыдэ хъунут - аспирантыкъу бзэр зэрыбджьну Іэмалхэм ящыщу куэдым щыгъуазэ зищІат, нэгъэущІбзэхэмкІэ хуабжьу гурыхуэт, ахэр псынщІэу зригъэщІэфырт. Дахэу, уриГъэхъуапсэу ириПсалъэт урысобзэм. НэмыщІбзэрати, Багъы Николайр абырэ, тІакІуи загъэщІагъуэу пІэрэ жьпІэну, а бзэмкІэ щызэпсалъэ Іэджэрэ къэхъурт. Бзэ лІэужьныгъуэ куэдым яІэ ухуэкІэхэм щыгъуазэт БетІал, адыгэбзэр нэгъэущІбзэхэм кьахэзэщІэщхьэкІ щытыкІэхэр, зэхэлъыкІэхэр, къепсэльыкІэхэр, абыхэм щхьэусыгъуэ яхуэхъуа хабзэхэр къитІэщІырт, псальэ хэмгъуэтахэр, зэридзэкІа Іэрытхэм тхъэрыкъуэфхуэдизэ хъу и тхьэкІумэхэр къыгуэлэлу, и нэхэр щІригъэльафэу, ятпэм иІа и хьэ плъыжьышхуэр зэззымызэ кІыхэгъуэлъхьэжьыри, ар БетІал и гуфІэгъэщхуэт. Абы Хьэсэнрэ сэрэ десэжат, ауэ ар зи гум темыхуэр институтым и унафэщІКІэрэф Къамболэт. ИкъукІэ лІы тэмакъкІыхьт ар, хабзэщхуэ зыхэлът, БетІали фІыуэ илъагъат, ауэ и пІэм къизыщыр хьэрат. Хьэсэнрэ сэрэ а щым я Іуэхум диукІырт, щэми дисырт, шхуми дисырт.

Институт лэжьыгъэми усэ тхынми къыдэкІуэу, БетІал тхакІуэ, усакІуэ ныбжьыщІэхэми я ущиякІуэт, я чэнджэщэгъуэт, щІэблэр Іейм щихьумэрт, фІым хуиунэтІырт. Куэд къакІуэрт абы и деж, ятхаэр яІыгъыу е письмокІэ кърагъэхьауэ щытахэм я щхьэ я къриикІэ ар зрагъэщІэну. Абыхэм БетІал яжриІэм уемыдэІуэну гугъат - акъылышхуэ хэлът, щІэхъуари, щІэмыхъуари, дяпэкІэ щІэн хуейри, ехьэкІыкъехьэкІи хэмылъу, ауэ ягу емыуэу яжриІэрт. БетІал псэуху ди льэпкъ щэнхабзэм зегъэужьыныи пылъащ: бзэщІэныгъэм телэжьащ, зэфІэкІ зиІэ щІалэгъуалэр литературэм хуэзышэ лъагъуэм тригъэуващ, усыгъэхэм хуэкІ куэди къыжьдикъуащ.

Зэгуэрым зы щІалэ щхьэпэльагэ кукІытэх гуэр, и ныбжьэгъуи и Іуэсэу, къакІуэри, БетІал абы кІыхьу епсэльащ, и усэ къызэджахэр хуэзэпкърахащ. «Уэлэхьи, мыбы БетІал зыгуэр дильэгъуам, игу ирихьэн гуэр къыхуихьам», - жысІэрт сигукІэ. ЩІалитІыр щІэжьа нэужь, сеупщІащ: «Хэт сым

● Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ

Адыгэбзэр умыщIэмэ, нэгъуейм еупщI

Мэздэгу къэбэрдейхэм я псалъалъэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэджыкIакIуэхэр фызэрыщыгъуазэщи, кIэщI-кIэщIурэ псэлъэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыхэжыжа хъуа псалъэхэм я псалъалъэ къытыдодзэ, абыкIэ адыгэбзэм хэлъ щIэщыгъуэхэр къэдгъэзыгъэн, и пщIэр къэтIэтын щхьэкIэ. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ мэздэгу адыгэхэм я псэлъэкIэм щыщ псалъэ Iэрамэ. Щэч хэлъкъым, ахэр нэхъыби мэхъу, нэхъ гъэщIэгъуэныжхэри щыIэщ. Мызыгъуэгум къыте-ддзэр нэгъабэ мэздэгу адыгэхэм я деж Iуэрыдыгъэщыпэ дыщыщыIам зэхуэтхьэса Iуэрыдыгъуэхэм къыхэтхыжа псалъэхэраш. Дыззэрыпсалъэ адыгэбзэр къигъэбеину дыщогугъ теддзэ псалъэхэм.

ЗЭРАIУЭТЭЖЬЫМКIЭ, Щохъужьхьэжьыжьым и ныбжьым унафэщIэгъу жыхуаIэр имыIэу къэбэрдей хабзэр Мэздэгу щызэрихьащ. Нэгъуейр кьехъуапсэущ зэрызэрихьар. Абы темыкIыуи дунейм ехыжащ. Еуэри, и псэ хэкIыным куэд имыIыжу, Нэгъуейм кьикIри сымаджаплъэ и цIыхугъэ зыбжанэ къыхуэкIуащ. Унэм кьихьахэм Iэуэлъауэшхуэ ирамыгъэщIу щыму кьетIысэкIащ хьэжьжьым. ЩIэупщIэн ыр яухри, нэгъуейхэм я нэхъыжьыр къэпсалъэри, сымаджэм еупщIащ:

- Хьэжьжьыр сыт къыззэрблэжьа? - жиIэри.

Зы тэуал хуэдизрэ зыкъыпхьэжьыр хьэжьым и нэ къызэтрихри, ар жиIащ, жи:

- Нэгъуейм къэбэрдей унафэ къыщедгъащтэм къэзлэжащ, - жиIащ.

- Мэскъарэ дыкъыбощI, - я жагъуэ хъу хуэдизу заущIащ нэгъуейхэм.

- Хьэуэ, мээскъарэ фыесщIкъым. Выбжьэ зэрына, Щохъужьжьэжьжьым зэримыкъжьфрмэ, зэрызыхын тщIыкуэкъым жаIэу Къэбэрдеижьым кьикIыу къыщIисклэпсыкIуам си анэ щIэрыщIэу сыкъилъхужьа сфIэщIат. Выбжьэ зэрына, Щохъужь-хьэжьжьым ди Iуэху зэрыхъунур дигъэщIамэ арат жаIэу Нэгъуейм къыщIисхуагъэкIуам, хабзэр псалъэм зэремыкъэкъур, хабзэм и адыгэбзэри зэрыгъащIэр хьэжь сщыхъащ, - жиIащ хьэжьжьым.

Зы тIэкIурэ зыри жимыIэу и псалъэр зэрригъэуа нэужь, Щохъужьхьэжьжьым адэкIэ къыпищащ:

- Выбжьэ зэрына, Iуэхум и зэрынапIэри, и зэрыкIыпIэри зыщIэр Щохъужь-хьэжьжьращ жаIэу ди къуий си цIэ щыжаIэм, дунейм сызэрытетым зыгъэр къызэрикIыр си фIэщ хъунащ, - жиIащ. - Дунейм сызэрытетыр щыхьэхэщIэм, си уэсэр жьлэми яхуэсщIащ, жиIащ. Хабзэр щхьэм къыщежьэ щхьэкIэ, бзэм зэрызэригъэзахуэм иБыгыр куэд дыдэщ. Адыгэбзэр умыщIэмэ, нэгъуейм еупщI, щIыжаIар, ди хабзэм гъэтIылIыпIэ фи лъапсэр хуэтщIат, бзаджэ щIы фи деж къызэрыщыдгъэтыжьынур тщIэрт, хабзэ къывэдгъэщтэфащи араш, - жиIащ Iыжьжьым. - Къыщыщтэж зэрыхъуну щIыкIэр къэслъэгъуагъэнщи араш хьэжьы сыщIэхъуар.

Мы хъыбар цIыкIур къызжезыIэжа Сагъындакъ Хъазынат ныбжькышхуэ иIэт сыщыхуэзам. Ауэ апхуэдизкIэ адыгэбзэ дахэкIэ псалъэрти, ар згъэщIагъуэу сыщеупщIыым, нэщхьейуэ пыгуфIыкIри, жиIат:

- АдыгэбзэкIэ псалъэ уэ зэхьыжьыха, щIалэфI, - жиIащ нанэм. - Зы лъэхъэнэ щыIащ Къэбэрдейм къикIыурэ къытхуэжьуэ, жытIэми тщIэми дызэтрахыу епIлъу, къыззтенар фэращ, ди кIэзда куэд зыхъумар фэращ, жаIэу дэри дагъэгушхуэжу. Жьы къыкъуэуар къыщыкъуэуар зыхэдмыщIэу дрихьэжьащи, ящыа я псори дэнэ кьитхьжьын.

Мэздэгу адыгэхэр Осетие Ищхъэрэм хиубыдэ Мэздэгу щIынальэмрэ Ставрополь хэгъэгум и Къурей щIынальэмрэ щопсэу. Зэрыпсалъэ бзэр къэбэрдей адыгэбзэм и зы жьIэкIэ лIэужьыгъуэщ, зэрахьэ динми, хамэ лъэпкъхэм яхэсу Къэбэрдеишхуэм пIудзаэу зэрыпсэуам яжь щIихуащ. Апхуэдэу щыт пэтми, я псалъэкIэр ди адыгэбзэм и зы ныбжьщи, тхьбзэми щIэныгъэм хуэфащэ увыпIэ щигъэутын хуейуэ къыдолъытэ.

Ажу - ябгына унэжьхэм я лъабжьэжь къэнэжахэм апхуэдэу ящIэ. «Хэкужьри ажуужьхэри нобэми пльагъунущ», жаIэ.

Бжор адэ - чыристан хабзэм къызэригъэувымкIэ, къалъхуагъащIэ сабийм щыхьат анэ хуэхъум зэреджэр араш.

Бжорашхэ - сыт хуэдэ дин ефэеешхэм жорпежьэ хуащIу щытащ, урысбзэкIэ «крестное осенение» жыхуаIэр. Аращ бжорашхэкIэ зэджэр.

Бжоргъэхьей - унагъуэм исми, итми, псэущхьэу яIэми жор щытращIэкIэ, апхуэдэу йоджэ.

Бжордэх - дин махуэщI махуэ гъэрым и цIэкIэ тхьэнапэхэр яIыгъыу цIыхухэм жьлэм и хъуреягъкIэ къыщIакIуэкIэ, бжордэх ящI, жаIэ. УрысбзэкIэ «крестный ход» жыхуаIэращ.

Бжоркъут - дин хуэIуэхуэщIахэм щыщ зы Iэзэгъуэщ, удж лIэужьыгъуэ хэту.

Бжорыпуэ - чыристан диным гъэзгущхьэжэм жор трагъэувэу я кабзэщ. Мис а щыпIэхэращ апхуэдэу зэджэр.

Бжорыкъуэ - динкIэ щыхьэт адэанэм къуэ пэлъытэ яхуэхъуа щIалэ щыкIым зэреджэ, урысбзэкIэ «крестник» жыхуаIэращ.

Бжорыпс - жорыр зыхагъэуа псы, урысбзэкIэ «святая вода» жыхуаIэращ.

Бжорыпхъу - динкIэ щыхьэт адэанэм пхъу пэлъытэ яхуэхъуа ныбджэбз щыкIым зэреджэ, урысбзэкIэ «крестница» жыхуаIэращ.

Бжэсыс - бжэр зыIыгъ бжэтхъэкIуэмэ апхуэдэу йоджэ, лы зыхэлъ шхынигъуэхэр яшхри, махуэ плIыщIкIэ Iэрэ жьэрэ абы зэрыхуамыхьыныжкIэ тхьэлъанэ ящIри, къыкIэлъыкIуэ махуэм чыристанхэм я нэщIым йохьэ.

Лэпкъ - къэкIыгъэм ипкъ, жыхуиIэщ.

Магъ - нартыху, гуэдз лъэсар зэрагъэгъущыж е зэрагъэгъу Iэмэпсымэ.

Мархъуэ - чыристан диным итхэм яубыд, нэщIым апхуэдэу йоджэ.

МерэмуIу - Хьисэ бегъымбарым и анэ Мерэм дунейм щехьажа маухуэм аращ зэреджэр.

Мыхьей - джэду щхьэхьынэ.

Мэскъарэ - ауан, гушыIэ.

Нартыху щхьэкъуей - нартыху тхьэмпэбэным дэмыльхьж нартыху дэчагъащIэр.

Нобэ-нобуурэ щIэплъын - небэнебэ епIлъын.

Нэдзхъуэ - шыкIуртIымым къыдидз гъагъэ.

Псыкlалъэ - дафэр зэрытрах Iэмэпсымэ.

Псыпущlэ - псыкъуайм кIэлъыпIлъым щхьэкIэ жаIэ.

Пшахъуэ псынэ - Мэздэгурэ Бэчмырзейрэ (Къызларкlэ нобэ зэдзэр) я зэхуакум и зы псынэм и цIэщ.

Сагъэшыыр къегъэгъыхын - хьэдагъэ щIын.

Сырмей - чыристан диным ит адыгэхэм Мархъуэр къэмыс щытыкIэ тхьэмахуэкIэ ирагъэкIуэкI дауэдапщэхэм аращ зэреджэр, урысбзэкIэ «Масленица» жыхуаIэращ.

Сырмэтl - сырмей дауэдапщэхэм я иужьрей махуэр.

Тэхытэбан - гъуэлъыпIэ лъагэ, пхъэбгъуэм къыхэщIыкIауэ. Адыгэ тхыбзэм кьищтэ «тэхытэбан» псалъэр мэздэгу адыгэхэм зэрызэрахьэр апхуэдэущ.

Тхьэгъушауэ - лъагэу Iэтауэ члисэм пылъ тхьэгъушхэр кьезыгъауэм щхьэкIэ жаIэ.

Тхьэдотэ - Тхьэшхуэ, Тхьэуэ дунейр зи Iэмыщ1э илъ, жыхуиIэщ.

Тхьэнанэ - Хьисэ бегъымбарым и анэ Мерэм зэреджэ цIэщ, урысыбзэкIэ «Богородица» жыхуиIэращ.

Тхьэшхуэхьыж - Хьисэ бегъымбарыр уафэм щыдрахеижа маухуэм аращ зэреджэр, урысыбзэкIэ «Вознесение» жыхуаIэращ.

Тэуал - тэлай, жыхуиIащ.

Уэлбэн - тхьэнапищим адыгэбзэкIэ аращ зэреджэр, урысыбзэкIэ «Троица» жыхуаIэращ.

Уэсхьыпэ - щхъыщхъ макъ ирогъащIу къес уэс.

Хашэ - епцIыжа, епцIыжакIуэ, бзэгугъ.

Хьурдэ - удз лIэужьыгъуэщ, зыщыщыр тхъэзкъэзкIакъым.

ХьыджэбзгъэтIыс - пщэдей хуэдэм уэ ирашыну хьыджэбзым ноби хуэдэм зэхуишэс хьыджэбзщыщым щхьэкIэ жаIэ. УрысыбзэкIэ «девичник» жыхуаIэращ.

ХьыджэбзгъэтIыс кьеГъэгъых - унагъуэ ирашэну хьыджэбзым и хьыджэбзыщхьэр щигъэкIуа унагъуэм фIыуэ щиIьэгъуамрэ дахэу щызэхихамрэ хэлъу хьыджэбзым къригъэгъыхьыурэ кIыхьу зыхилъхьэ уэрэд лIэужьыгъуэ.

Хьыщагъуэ - хым е псым къыщыкI удз Iув зэхэтыр. Агъэ-Батыр къуажэм мы псалъэр «псыщагъуэ» жаIэу къыщапсэлъу дрихьэлIащ.

Хьыщалъэ - мыри араш, ауэ мывэм къытекIэ удэращ зытеухуар.

Хьэдэблыущий - дунейм ехьжар щIалъхьа нэужькIэ махуфIкIкIэ ягу къагъэкIыжу абы и Iыхьлыхэм къэIэт Iэнэмрэ дауэдапщэ зэхьыхьэмрэ апхуэдэу йоджэ.

Хьэдэгъуэц хидзэн - щхъуэфэцым зыщIисскIэ, цIыхум щытыкIэ игъуэтым зэреджэр аращ.

Хьэлджей - тхьэлъэIу хьэлъуэ.

Хьэсэпсышэ - псыIэрышэм щхьэкIэ аращ мэздэгу адыгэхэм жаIэр.

ЩIэрыщтэ - цы Iэшкlэ хьэзыр. «Уэнэм ираш нэрыбгэм и анэшхуэм ирит хабзэщ цы Iэрыщтэрэ гъуджэрэ, и насып и Iэкlэ ирещIыж, и нэкlэ ирелъагъуж», жыхуиIэ.

ЩIыбз - бжьыхьэм ирихьэлIэу мэлым тращкlэ цыр.

ЦIызанэ - зы мэлым тращкlэ цыр.

ШыпэхудэI - нысашэ гуимэр къызэрыкIуэм и ныбарыр щIалэм и Iыхьлыхьэхэм языгъащIэ щу.

Шэчасэ - фалъэ цIыкIуэм щхьэкIэ аращ жаIэр.

ЩIэпщакIуэ ныш - цIыху сымаджэм дежь щIэупщIакIуэ къакIуэхэм къыхуаIэт тхьэлъэIу шхынигъуэ.

ЩIызей - жэщтеуэ. Чыристан адыгэхэм мы псалъэр къаззэргурыуэр урысыбзэкIэ «домовой» жыхуиIэ мыхьэнэр щIэлъуэ.

ЩIыгъыныхь - Къэбэрдейм «щIэгъынхьыж» жыхуаIэращ.

ЩылыбыркIапсэ - чэтэным къыхэщIыкIа кIапсэ быдэ.

IэзэхэщIэ - псэгъу зэхуэхъуа ныбжьыщIитым я Iуэхум арэзы иритехьуэу лъэныкъуитIыр зэрызэбгъэдэуэв хабзэ. Бжьэр яIыгъыу я Iэр зэбладзырти, щыхьэт папщIэу къэуваитIыр фошыгъупсым щыщ зы къэмынэу ирафырт. «Мы фошыгъупсым и Iэфlагъым хуэдэу дызэхуэIэфIу, и къабзагъэм ещхьу дигуэр зэIуахуэ дызэбгъэдэтыну ди псалъэщ», жыхуиIэщ.

Iэуэшауэ - Iэуэлъауэ.

Iутыж - урысыбзэкIэ «Пасха» жыхуиIэращ. Мэздэгу адыгэхэм ехьэжьауэ игъэльапIэ махуэщIщ.

ТАБЫЩ Мурат.
Зеикъуэ къуажэ

● Футбол

Шэджэмдэсхэр къакIэроху

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатым Шэджэм щIынальэм и командищ хэтщ. Арщхьэкlэ абыхэм турнир таблицэм и кIэух увыпIэхэращ зэкIэ яIыгъыр.

«КЪУНДЕТЕЙМИ», «Шэджэм-2»-ми, «Шэджэсми» блэкIа джэгуГъуитIым зы очкои яхузыIэрыгъэхьакъым. Апхуэдэущ ахэр иужь зэIущIэхэм зэрыщытыр. Аращи, турнир таблицэм и кIэух увыпIэплIым ящыщу щыр шэджэмдэсхэм зэраIыгъыр щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. БлэкIа джэгуГъуитIым абыхэм хуабжьу зэкъуТригъэхьэпIащ, хэт хуэзэми я гур изых «Энергетик»-м. Япэщыкlэ Шэджэм ЕтIуанэм щыIэу прохладнэдэсхэм хэгъэрейхэм жэуапишэу топ пщыкIуз (!) худагъэкIащ, къагъэззэкри, кърагъэблэгъа «Шэрджэсым» топий ирагъэхьащ.

Прохладнэ и «Энергетик»-м мы гъэм къызыкъуиха къару лъэщым имыгъэгулэз къэгъуэтыгъуейщ. Апхуэдэурэ екIуэкIмэ, чемпионыгъэр мыгувэу и Iэрыльхьэщ. А Iуэхугъуэр тынш кьыщащI я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэхэм. Къапщтэмэ, «Родник»-р и стадионым иужьу щыпэлъэщакъым Налшык икIа «Спартак-Д»-м. «Тэрчым» и гугъу пщIымэ, ар «Нартым» Нарткъалэ бжьыгъэшхуэкIэ къыщыхихигъэщIащ.

Гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр зэрыщиIыгъщ «Энергетик»-м и пашэ Иуан Азрэт. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрыщIидзэрэ абы топ пщыкIуий и хьэрхуэрэгъуэхэм ящыщ зы очкои яхузыIэрыгъэхьакъым. Апхуэдэущ ахэр иужь зэIущIэхэм зэрыщытыр. Аращи, турнир таблицэм и кIэух увыпIэплIым ящыщу щыр шэджэмдэсхэм зэраIыгъыр щIэбгъэщIэгъуэн щыIэкъым. БлэкIа джэгуГъуитIым абыхэм хуабжьу зэкъуТригъэхьэпIащ, хэт хуэзэми я гур изых «Энергетик»-м. ЯпэщыкI